KONSEY SOU SEKIRITE NAN DLO

REGLEMAN SEKIRITE NAN DLO POU JEN:

- Pa janm naje san prezans sipèvizyon adilt
- Toujou naje avèk yon kamarad
- Pa janm naje yon kote ki pa sipèvize
- Pa janm depann sou choz ki fèt pou ede naje
- Moun ki pa konn naje lè yo bò dlo ta dwe mete yon palto gonfle Gadkòt Etazini apwouve
- Li e obeyi tout règleman ak siy ki afiche
- Pa plonje nan yon dlo kote ou pa abitye
- •Pa pran chans oubyen defi

PARAN E GADYEN:

- Sipèvize jèn aktivman lè yo bò dlo
- Kenbe kontak zye tou tan avèk timoun ou yo
- Chwazi yon moun kòm "Siveyan Bò Dlo" nan yon evènman sosyal
- Enstale plizyè barikad alantou pisin, basen blo, ak basen dlo cho
- Pa kite jwèt nan pisin nan e sere yo pou yo pa sou zye
- Enstale siren alèt pou sekirite sou pòt ak fenèt ki prè pisin nan
- Enstale kouvèti sou drenaj pisin nan pou evite moun pa kole ladan
- Kenbe ekipman sekou tankou ekipman pou lonje oubyen pou voye alantou bò pisin nan
- Pou pisin lakay, klotire tout alantou pisin nan avèk yon barikad omwen kat pye wotè avèk baryè ki fèmen, ki take poukont yo, e ki ouvè ale sou deyò
- Pou pisin ki pa anba-tè, retire nechèl pou rantre ladan e kouvri li ak kouvèti pou sekirize l lè li pa an sèvis
- Mete yon telefòn disponib prè pisin nan pou yon ijans
- Enskri timoun yo nan leson naje
- Aprann fè "CPR" Respirasyon Atifisyèl!

SEKIRIZE KAY LA POU TIMOUN:

- Pa janm kite timoun poukont yo prè oubyen nan dlo
- Rete prè kote ou kab lonje bra rale pitit ou e evite distraksyon
- Jete dlo nan ti pisin pòtab, basen, ak bokit dlo aprè ou fin sèvi ak yo
- Kouvri twalèt ak kouvèti a e sèvi ak takèt
- Kenbe pòt twalèt yo fèmen